
Нур
6+
ISSN 0207-6551
4
2017



*Фщlэн папщlэ*

# АПРЕЛЫМ И 12-р ХЬЭРШЫМ ЛЪЭТАХЭМ Я МАХУЭШХУЭЩ

*Щlым тетыну къигъэщlами*
*Хьэршым япэу цlыху лъэтащ!*
*Дакъикъищэкlэ Дунейри*
*Къиплъыхьыну хулъэкlащ!*

***А. Б.***

Цlыхур цlыху зэрыхъурэ лъэтэну мэхъуапсэ, уэгум ит бзухэм хуэдэу, арщхьэкlэ къызэремыхъулlэнур къыгуроlуэж. Телъыджагъэр зи щlэбзэ lуэрыlуатэм егъэхъыбар мыр:

Икар и цlэу lыхъужь псэурт. Абы зыщlэхъуэпсу хъуар зригъэхъулlэрт *(щыlэщ апхуэдэ цlыху, икlи ахэращ нэхъыбэу щlэныгъэм, lэщlагъэхэм, искусствэм зезыгъэужьыр).*

Ауэрэ, Икар етlысылlэри дамэ lэрыщl бзу къабзийкlэ[1] зыхуищlыжащ. Дамитlыр шхэпс тlатlийкlэ[2] и тхым[3] кlэригъапщlэри лъэтащ! Икар апхуэдизу кууэ хьэршым хыхьати, дыгъэм пэгъунэгъубзэ хъуащ. Пэгъунэгъу хъуар lуэхут, дыгъэ бзийхэм абы и дамитlыр зэрыкlэрыгъэпщlа шхэпс тlатlийр къагъэплъщ, ягъэткlури, Икарыр ямыlыгъыжу тенджызыпсым хэхуащ. Абы лъандэрэ ар зыхэхуа тенджызым Икарыпскlэ (Икарийское) йоджэ.

Цlыхум лъэтэн папщlэ къимыгупсыс щыlэтэкъым. Япэ щlыкlэ ар шар гъэпщакlэ лъэтэну хуежьащ, арщхьэкlэ шарыр пхузегъакlуэтэкъым, жьыр къыздепщэмкlэ ихьырт. Абыи зезыгъакlуэ хуащlри къагупсысащ дирижабль. Аргуэрыр иныlуэт икlи «мыкlуэмытэт». Иужькlэ – аэроплан. Абы къакlэлъыкlуащ вертолетрэ кхъухьлъатэрэ.

Абдежми цlыхум хъуэпсэн щыщигъэтакъым. Къызэрыгуэкl егъэджакlуэ Циолковскэ Константин къегупсыс хьэрэкlытlэ мафlэгу (ракетный поезд), вагъуэхэм деж урилъатэ хъууэ. Арщхьэкlэ а къигупсысар ищlыну хунэсакъым. Илъэс куэд дэкlыжауэ щlэныгъэлl-конструктор Королев Сергей япэ дыдэу ищlащ уэгум узэрылъэтэн хьэрэкlытlэ. Псори зэгъэпэща хъуат, ауэ абы цlыху ису уэгум ибгъэхьэну дзыхьщlыгъуэджэти[4], хьэ гъэсагъитl (lэуэлъауэми, зедзэн-



[1] Къабзий – птичье перо.
[2] Шхэпс тlатlий – восковой клей.
[3] Тхы – щlыб – спина.
[4] Дзыхьщlыгъуэджэ – тегушхуэгъуей – риск.

зэщӀэсысэнми щымыщтэу, хуабэри щӀыӀэри я зэхуэдэу) яутӀыпщащ уэгум – Белкэрэ Стрелкэрэ. ИужькӀи мызэ-мытӀэу хьэхэр яутӀыпщурэ къэтӀысыж щыхъум, тегушхуэри цӀыху ягъэлъэташ.

Ар ***ГАГАРИН Юрэщ***! Апрелым и 12-рт ар къыщыхъуар, 1961 гъэм. Хьэрш кхъухьым фӀащат «Восток». Дуней псор къызэхилъэтыхьу ар къэтӀысыжыным зэману ихьар зы сыхьэтрэ дакъикъэ 48-рэщ.

*2011 гъэм къэрал хыщӀым къызэдащтащ а Махуэшхуэр – ЦӀыхур хьэршым щылъэтар – а Телъыджагъэр тхыдэм хыхьащ!*

Зыгъэхьэзырар
***ПЩЫНОКЪУЭ Н.***



*Сурэтым:* ГАГАРИН Юрэ, ПЩЫХЬЭЩӀЭ ЛатӀиф гуп яхэту.

Уи щӀыхьыр къызэрыблэжьщ,
Уи напэр зэрыпхъумэжщ,
МыкӀуэдыжынур Ӏуэху щхьэпэу пщӀарщ,
Дунейм тепхынур фӀы къыпхутенэрщ.

***КЪЭРМОКЪУЭ М.***

Хьэршым япэ дыдэу лъэта ***ГАГАРИН Юрэ*** и сэмэгурабгъумкӀэ къыщыту мы сурэтым щыфлъагъур ди республикэм и ухуакӀуэ нэхъ Ӏэзэ дыдэхэм ящыща ***ПЩЫХЬЭЩӀЭ ЛатӀифщ.***

Ди къэралым хуабжьу игъэлъапӀэрт зи Ӏэщӏагъэ фӀыуэ ирилажьэ, зыхэтым щапхъэ яхуэхъу цӀыхухэр. ЛатӀиф и Ӏэр зылъэӀэсым псэ хилъхьэу псэуащ. Абы и пэжьэгъухэр щӀыгъуу ӀэкӀэ яухуа унэшхуэ куэд дэтщ ди къалащхьэм. Къэралым къыхуигъэфащэри 1967 гъэм Пщыхьэщӏэ ЛатӀиф Комсомольск-на-Амуре къалэм ди республикэм и лӀыкӀуэу ягъэкӀуауэ щытащ. Ар хуабжьу пщӀэшхуэт. Мы сурэтри абдежщ щытрахар.

ЦӀыкӀухэ, ӀэщӀагъэфӀ – ӀэщӀагъэ Ӏей щыӀэкъым. Уи гум фӀэфӀыр, уи Ӏэр зыхуэӀэрыхуэр псом я нэхъыфӀщ. Абы ущехъулӀэнущ, лъапӀи цӀэрыӀуи урихъунущ. Ар сытым дежи фигу ивгъэлъ. Дыхуейщ къызэрыгуэкӀ ухуакӀуэ Пщыхьэщӏэ ЛатӀиф и гъащӀэр щапхъэ фэри фхуэхъуну.

***АБРОКЪУЭ Б.***

БОРЫКЪУЕЙ Жаннэ

# Бжыгъэхэр

Мы псэущхьэ цIыкIур
Пхъы фIэкI хумей зы.
Йогъур, егъэнычщкIур.
Феплъыт! Ещхь ар «1»-м?



КIущэ йофэ
Шэ пIэпIум.
Феплъ и кIапэм.
Ещхькъэ «2»-м?





Уашхэр шхэри
Зиущэхуащ.
Сеплъри,
«3»-м ар езгъэщхьащ.

Псыхэуэр плIэрэ
Псым хэуащ,
И лъакъуэр «4»-уэ
ИIэтащ.





Къаз бгъэгу щабэр
ЩIым тIысащ.
Сеплъри, «5»-уэ
КъысфIэщIащ.

Джейр щыпсэур
Дауи, хырщ.
Феплъыт:
Ещхькъэ бдзэжьейр
«6»-м?







Гъуэгущхьиблыр
щызэхэкIым
Шыр къыщыувыIащ.
ИувыкIыу щызэплъэкIым
«7»-уэ сыIуплъащ.




Ещхькъэ «8»
Зэпэхъурейм
Мо мыщащхъуэ
НэкIу хъурейр?




Хьэлыгъуанэу зишыхьащ,
Блэр шабзэшэм щышынащ.
Иджы тIури зэбгъэдэтщ.
«10»-м хуэдабзэу хьэлэмэтщ.

«9»-м ещхь хьэпIацIэм
ЩэныфIэу зегъафIэр.
«НапIэр зыгъалIэм»
Зепщыпщэу зегъэш.



# МЫТӀЭ-МАМЫТӀЭ

КЪАНЩОКЪУЭ ВЛАДИМИР

**– Мис иджыщ-тӀэ, МамытӀэ...**

МытӀэ-МамытӀэ
Дадэ хуэмытӀэ.
Хадэм хуимыхьэ,
Игу хухэмыхьэ.

МытӀэ-МамытӀэ
Бел хухэмытӀэ.
Щхьэхым зэрехьэ,
ПцӀыхэр зэрехъэ.

МытӀэ зэрытӀэ
И Ӏэр ешытӀэ,
«Си бгыр мэузыр»,–
ЖиӀэу мэгызыр.

МытӀэ быртӀымыр
Губжьу къотӀымыр,
Нанэ хуэмышхэ,
Зегъэмыхъумышхэ.

МытӀэ пшэрытӀэр,
Тхъуэплъу нэкӀутӀэр
ПӀэм яфӀогъуэлъыр,
Бзаджэу къыхоплъыр.

Дадэ МамытӀэ
Щхьэхыу хуимыдэ,
Къехьри чы лантӀэ,
ПащӀэр щӀеӀуантӀэ.

МытӀэ зыгъафӀэ
Нанэ дэкӀауэ,
МытӀэ зыгъатхъэ
Мами щӀэкӀауэ,
Дадэ губжьауэ,
ПӀэм къыхихуауэ,
МытӀэ мышхауэ,
Хадэм хихуауэ
Еплъу егъатӀэ.
...Епхъ модрейм ятӀэ.

МытӀэ быртӀымыр
МатӀэ хэтӀауэ,
Дадэ и нитӀыр
«КъытеӀулӀауэ».

МатӀэ МамытӀэ,
ӀэфӀ Ӏурыхъуауэ,
Ӏуэхуу хигъэщӀым
Игу хигъэхъуауэ.

МатӀэ МамытӀэ
МыувыӀэжу,
И кӀэм иплъэхукӀэ
ТемыпыӀэжу.

МытӀэ-МамытӀэ
ӀэфӀу мэшхэжыр,
Нэху къызэрекӀыу
Хадэм йохьэжыр.

**Дадэ МамытӀэ
Ирет лисэпет.
Игу мэзэгъэжыр:
«УлӀщ. Абы тет».**



Налшык 2017 гъэ



# ГУШЫ IАЛЪЭ

Дохутырыр Мэдэ къоупщI:

– Уи пэ, уи тхьэкIумэкIэ гукъеуэ уиIэ?

– СиIэщ. ПщэщIэт цыджанэ щыщыстIагъэкIэ тIури зэран къысхуохъу.





Алим къуажэм анэш нанэхэ щохьэщIэ. Шхэуэ здэщысым ар къогубжьри и IэштIым цIыкIумкIэ тоуэ:

– Нанэ, е мы бадзэр Iуху, е тепщэч къет! Сэ си закъуэ сышхэу сесащ.

– Анзор, апхуэдизу щхьэ укъуейщIей? Уэ узэраныху, си щхьэцыр нэхъри зэрытхъур пщIэрэ?

Анзор «хъущт» жэуэ зи щхьэцыр уэсу къэтхъуха анэш нанэ еплъри и анэм жриIащ:

– Мамэ, уэри уи Iыхьэ пIыгъа си гугъэщ.



Анэр лэжьапIэм къокIыж. И къуищыр бжэщхьэIум къыщыпожьэ.

– Си дыгъэ-щыгъэ цIыкIухэ, дауэ фыщIэса?

– Сэ хьэкъущыкъур стхьэщIащ.

– Уэтыби, си губзыгъэ, мы кIэнфетыр ууейщ.

– Сэ хьэкъущыкъур слъэщIащ.

– Ту ущIалэфIыщэ. Уэри мы быченэр къэблэжьащ.

– Сэ къутахуэхэр спхъэнкIыжащ.

– ЫI-ы-ы-ы?!.

МафIэс зыгъэункIыфIхэм я телефоныр къозу.

– СынодаIуэ.

– Фыкъэсу мы си сеныч ыпэр фымыгъэункIыфIмэ, си Iэбэр исынус.



– Папэ, уэ иджыри ухэхъуэну?

– Хьэуэ, ПIытIэ.

– Сыт-тIэ ущIэшхэр?

* * *

Бэлэбанэу къыщIыхьэжа Темыр зэрыIуплъэу анэр къыщылъэтащ:

– Ас-сымыгъуэ, мы уи нэр щхьэ щIэуфIыцIыкIа?

– Къысщыремыхьэ.

* * *

– Динэ, мы хьэнтхъупсым уемыфэмэ, НэжьгъущIыдзэ сыкъеджэнущ.

– Сыт, абы нэхъ пхурифын уи гугъэура мы хьэнтхъупсыр?

– Мамэ, сэ мыбы хэлъ кIэртIофри пхъыри сшхынуIым,– къыхутрагъэувар зэIещIэри щысщ ФатIимэ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Апхуэдзу сыкъигъэщIащи.





ХьэщIэ къэкIуэнухэм зэрыунагъуэу поплъэ. Илъэсищ хъу Мадинэ мамэ и пэшым зыщIигъэхуащ. Анэм и туфлъэ лъэдакъэм тету гъуджэм кIэрытщ и Iупэр илэу, Iущащэу:

– Дахэхэр псори фыщIезгъэгъуэжынIэ...



Лацэ Iэнэр дахэу къеузэд: Iэрылъэщ, сэ, гуахъуэ, тепщэч, стэчан, сыхьэт...

– Псори хъарзынэт, си хъыджэбз, ауэ мы сыхьэтри сыт?

– ХьэщIэхэм ящIэн щхьэкIэ, шха нэужь зэрыкIуэжын хуейр.

* * *

«ТIу» баринэшхуэ химиемкIэ къэзыхьа Тимур гъумэтIымэу и тIысыпIэм мэкIуэж:

– Езы егъэджакIуэхэм предмет зырызщ зыхащIыкIыр, дэ псори тщIэн хуейщ...

Iэдисэ илъэсищ мэхъу. Тепщэчыр Iэпыхури къутащи, IупщIэ ищIауэ мэгъынанэ.

И анэм къелъагъури:

– Сыт, сипхъу цIыкIу, ущIэгъыр?

– Мор сIэпыхури – баргъэ!

– Еууей, дауэ ар зэрыхъуар?

– Мис мыпхуэдэу: стIолым тет тепщэчыр къиипхъуатэщ тридзэри икъутащ.

* * *

Анэм: – Сыту фIыт, си нану, гъын зэрыщыбгъэтар.

Инал: – Сэ щызгъэтаIым, зызгъэпсэхуурац.



– Илъэс дапщэ ухъурэ уэ цIыкIур? – къоупщI хьэщIэр Маринэ.

Къэгубжьарэ и Iупэр зэтрикъузэу къыхудоплъейри:

– Куэд мыщIэу бгъу сыхъунус, иджыпсту щы, – жи.



Алий ищIа сурэтыр егъэджакIуэм хуеший.

– Мис. «Тху» къэзлэжьащ.

ЕгъэджакIуэм сурэтыр зэпеплъыхьри:

– Псори дахэщ: дыгъэри, жыгхэри, хьэндырабгъуэхэри, ауэ унэр тIэкIу Iушэщ.

– А-а, – и Iэр ещI мыдрейм, – ар ухуакIуэ щхьэхынэм ищIа унэщиращ.

Айдэмыр весэм теувауэ мэщатэ:

– Си уасэр дапщэу пIэрэ зэрыхъур?..

* * *

ЕгъэджакIуэм:

– Япэу доскам къыдэкIым зы нагъыщэкIэ нэхъыбэ хуэзгъэувынущ.

Залым и дневникыр къипхъуэтауэ иужь партэм къыдож:

– Сэ «Щы» схуэбгъэувмэ срикъунущ!






Линэ еш имыIэу мэзэран, и жьэри Iуэрвэрщ.

– Анэм хуэмышэчыжу: – Уа, зэ утепыIэ хъунукъэ? ТIыси щыс. Уи жьэри тIэкIу зэтепIэ!

Линэ зегъэгусэ, и анэм IупщIэ хуещIри и нэшхуитIыр къыхущIегъэплъ:

– УэраIэ сызекIуэфуи сыпсэлъэфуи сезыгъэсар. Иджы «уи жьэр зэтепIэрэ» «щысрэ» фIэкIа зэхэсхIым.

Батыр Винни Пух и сурэтыр ищIауэ фIыцIабзэу елэж.

– Мыр сыт фIыцIэкIэ щIэпцIалэр?– къоупщI и партэгъур.

– КIыфI сощI, бжьэхэр къемыдзэкъэн щхьэкIэ.



ТЕСТ

# УЭ УЦІЫХУФІУ ПІЭРЭ?

**ДИ ЕДЖАКІУЭ ЦІЫКІУ, УЭ ИДЖЫРИ БАЛИГЪ УХЪУАКЪЫМ, УЗЫХУЭДЭ ЦІЫХУРИ ЕЗЫМ ПЩІЭЖУ КЪЫЩІЭКІЫНУКЪЫМ. АТІЭ, УПЩІЭРЫХУТЭКІЭ (ТЕСТКІЭ) КЪЭПЩІЭНУ УХУЕЙ УХЬЭЛЭЛРЭ УМЫХЬЭЛЭЛРЭ, ГУЛЪЫТЭ ПХЭЛЪРЭ ПХЭМЫЛЪРЭ? АБЫ ПАПЩІЭКІЭ ДИ УПЩІЭХЭМ ЖЭУАП ПЭЖ КЪЕПТЫНУРЭ, ЖУРНАЛЫМ И ИУЖЬРЕЙ НАПЭКІУЭЩЫМ ИТ ЖЭУАПХЭМ КЪЫПХУАІУАТЭР УИГУ ИБУБЫДЭНУЩ... УИ ЩЫУАГЪЭХЭР БГЪЭЗЭКІУЭЖЫН ПАПЩІЭ. ХЪУНКЪЭ?**

**1**
Ахъшэ уиІэщ. Уи ахъшэр псори ныбжьэгъухэм ятебгъэкІуэдэфыну ухьэзыр, саугъэт къахуэпщэхуу?
НтІэ.

**2**
Уи ныбжьэгъум и гукъеуэ къыпхуеІуатэ кІыхьлІыхьу, зэкІыхьлІыхьу, зэ... Иухыху и шыгъуэу. Иухыху и псалъэ зэпумыуду уедэІуэфыну?
НтІэ. Хьэуэ.

**3**
Уэ пхуэзэфІэкІ уи Іэзагъэхэр ауэ хэпщІыкІ къудейуэ къэмынэжу уи ІэщІагъэкІэ къыпхуэгъэсэбэпрэ?
НтІэ.

**4**
ЦІыхум я гукъыдэж къахуэпІэтыну куэдрэ псалъэ гуапэ яжепІэрэ?
НтІэ.

**5**
ГушыІэ «дзакъэ», ауан, щІэнэкІалъэ уфІэфІ?
НтІэ. Хьэуэ.

**6**
Уэ фІыуэ плъагъу уи хьэпшыпыр умыцІыху цІыхум пхуетыпэну?
НтІэ. Хьэуэ.

**7**
Уэ улеймыгъэгъу?
НтІэ. Хьэуэ.

**8**
Уи ныбжьэгъур шахмат *(е нэгъуэщІ джэгукІэ)* джэгуфкъым. Абы зыхебгъэгъэнэфыну, и жагъуэ умыщІын щхьэкІэ?
НтІэ. Хьэуэ.

**9**
Ущыхэнэм и деж никъуэджэгуу ущІэпхъуэжрэ?
НтІэ. Хьэуэ.

**10**
КъолъэІуаІамэ, уфІэфІу зыщІэлъэІуар яхуэпщІэрэ?
НтІэ. Хьэуэ.

**11**
Узэрызахуэр пщІэжмэ, уэ къодауэм къыбжиІэм уемыдаІуэу уІукІрэ?
НтІэ. Хьэуэ.

**12**
ЦІыхухэм уахэту, ахэр бгъэдыхьэшхын щхьэкІэ, зыгуэр ауан щыпщІ щыІэ?
НтІэ. Хьэуэ.

«НтІэ» жыпІэху 1 нагъыщэ зыхуэгъэув, 5, 7, 9, 11, 12-хэм фІэкІ къэмынэу.

*«Умняша» журналым къитхащ.*



ЕГЪЭДЖАКӀУЭФӀЫМ И КУЭДЩ ГЪЭТӀЫЛЪЫГЪЭ,
И НАЛКЪУТ ПХЪУАНТЭР СУРЭТКӀЭ ГЪЭНЩӀАЩ.
ЗИ САБИИГЪУЭМ КЪЫХЭПЛЪ «ЩЫГЪЭХУ» ЦӀЫКӀУХЭМ
Я ТХЫГЪЭФӀ КУЭДИ АБДЕЖ ЩИХЪУМАЩ.

А. Б.

# БАЖЭ ЦӀЫКӀУМ И ЩЭХУР

Щ І ы м а х у э т. Си адэмрэ сэрэ тедгъаззу си къуэш нэхъыщӀэр къэтлъыхъуэну мурад тщӀащ. Къэхъуар мырат: махуэ ипэкӀэ ар мэзым кӀуат, и ныбжьэгъухэр и гъусэу. Жыжьэ ӀумыкӀынхэу си адэм яжриӀат. Пщэдджыжьт ахэр мэзым щыкӀуам. Шэджагъуэм щхьэгъубжэм сыӀуту, Мурат гъусэ хуэхъуауэ щыта щӀалэ цӀыкӀухэр къуажэм къыдэлъэдэжу къэслъэгъуащ. Абыхэм я нэгум гузэвэгъуэ къищырт. Унэм сыщӀэкӀыу къэхъуам сыщыщӀэупщӀэм къызжаӀащ си къуэшыр зэрыкӀуэдар. Ар сытым хуэдэу гузэвэгъуэшхуэт!

Фочхэр къатщтэри, ди хьэ КӀапэхуи ди гъусэу, Мурат и лъыхъуакӀуэ мэзым дыкӀуащ. Куэдрэ къэткӀухьа, мащӀэрэ къэткӀухьа, Мурат и зы лъэкъуапӀэ уэсым щытлъэгъуакъым. Лъэныкъуэ зырызкӀэ дызэбгрыкӀыу дылъыхъуэну мурад тщӀащ, жэщ мыхъу щыкӀэ. КӀапэху си гъусэу нежьащ. ДыкӀуэм-дыкӀуэурэ хьэр си япэ ищри къэбэнащ. Сэ абыкӀэ сыщӀэпхъуащ. Сыплъэмэ – бажэ дахэкӀей гуэр хуейм итщ. Ар ди дежкӀэ къаплъэрт, «сыкъэвубыдыфыт», – жиӀэ хуэдэ. ФочкӀэ сеуэну зыщызгъэхьэзырым, бажэр тӀэкӀу Ӏужащ. Сэри сыкӀуэтащ. Ар тӀэкӀу Ӏуож, сэри сыкӀэлъокӀуатэ. ИтӀанэ зричри щӀэпхъуащ. Сэри бажэм сыкӀэлъысын мурад сиӀэу зисчащ. КӀапэхуи ныщӀэпхъуащ. Куэдрэ дыжа, мащӀэрэ дыжа, си хьэри бажэри щызмылъагъужым сыкъэувыӀэри зысплъыхьащ. Спэмыжыжьэу зы фӀыцӀагъэ гуэр уэсым телът. Ар Мурат и пыӀэрауэ къыщӀэкӀащ. Къэсщтэну сыщеӀэбыхым, си щхьэм зыгуэр хуищӀэу къеуэри сыкъигъэмэхащ.

ЗыкъыщысщӀэжам сымыцӀыху щӀыпӀэ гуэрым сыщыӀэт, гъэмахуэм хуэдэу хуабэрэ уэси темылъыжу. Си нэр здэплъэмкӀэ сежьащ. СыздэкӀуэм згъэщӀагъуэрт зы бзуи, зы хьэкӀэкхъуэкӀи зэрызмылъагъур. Куэд скӀуа, мащӀэ скӀуа, Ӏейуэ сезэшат, хуабэми сызэпкърихати, зызгъэпсэхуну сетӀысэхащ. Зэуэ сыӀурихащ. Сыкъэушмэ – зыгуэр къысщхьэщытщ. Сыкъыдэплъеймэ – къызолъагъу...

Хэт фи гугъэ къэслъагъур? СызыкӀэлъыжа бажэ цӀыкӀурт! Абдеж шэч сщӀащ си къуэшым и кӀуэдыкӀари, мыбы сыкъызэрыхутари мы бажэ цӀыкӀум и ягъэу. Сыкъыщылъэту ар къэзубыдыну сыщыхуежьэм, бажэр щӀэпхъуащ. Бажэри мажэ, сэри сыкӀэлъожэ. Куэд мыщӀэу зы унэ цӀыкӀу гуэр мэзым къыщызолъагъу. Абы и къуагъым бажэр къуолъадэри мэбзэхыж. Сэ нэхъ гъунэгъу зыхуэсщӀщ унэ цӀыкӀуми, сыкӀэлъыплъу щӀэздзащ. Япэ щыкӀэ мыбы зыри щӀэмысу къысфӀэщӀащ. Ауэ куэд дэмыкӀыу мэгуакӀуэ гуэр унэ лъэныкъуэмкӀэ кърихащ. А мэ ӀэфӀыр къыщысӀурыуэм, сызэрымэжалӀэр къызгурыӀуащ. СыӀэнкуну унэ цӀыкӀум сыщӀыхьащ. Сэ къыспежьащ зи щхьэцыр дыщафэ цӀыхубз дахэкӀей. ЦӀыхубзым гуапэу сэлам есхащ, езыми сригъэблагъэри сигъэхьэщӀащ. Сышха нэужь, ар къызэупщӀащ:

– Сыт, си щӀалэ цӀыкӀу, уи цӀэр? Ди щӀыпӀэм дауэрэ укъыщыщӀидза?

– Сэ сы-Аланщ. Си къуэшыр кӀуэдати, абы и лъыхъуакӀуэ сыкъежьауэ аращ, –

сэ абы хуэсIуэтэжащ си Iуэхур къызэрекIуэкIар псори.

– Сыту гъэщIэгъуэн къыпщыщIа, си щIалэ!

– ХьэлэмэткIэ – хьэлэмэтщ, ауэ си къуэшыр къэзгъуэтыжамэ арат.

– Уэ а бажэ цIыкIур зэи умылъэгъуауэ пIэрэ?

– Армырами сщIэркъым, ауэ бажэ гуэр мызэ-мытIэу слъэгъуащ, мэзым щIэжу...

Уи шхыныр убагъуэ. Сэ сежьэжынщ.

– Зэ-зэ, уемыжьэжыт. Сэ иджыпсту гъуэмылэ гуэр уэстынщ, – жиIэурэ цIыхубзыр адрей пэшым щIыхьэри мыIэрысэ зыбжанэ иIыгъыу къыщIэкIыжащ. Ахэр сэ къысхуишиящ. ПщIэ хуэсщIу къеIысхри щIэкIыпIэмкIэ сунэтIащ. ЦIыхубзым сыкъигъэувыIэри къызэлъэIуащ зы мыIэрысэ нэхъ мыхъуми сшхыну. Нэхъ дахэIуэу зы къыхэсхри седзэкъащ. Япэ щIыкIэ ар IэфI дыдэу къысщыхъуащ, ауэ иужькIэ мыIэрысэр сырыбзэ хъуащ. Си щхьэми унэзэн щIидзэри си нэхэр щыункIыфIыкIащ. ЦIыхубзым и дыхьэшх макъ закъуэрат зэхэсхыжыр.

ЗыкъыщысщIэжам щIыунэм сыщIэст. Зысплъыхьри – гъэщIэгъуэн къэслъэгъуащ: зы тхьэкIумэкIыхьрэ зы джэдурэ блыным епхауэ кIэрытщ. Сэ сызэплъыжри къызгурыIуакъым къэхъуар. ДауикI, гурыIуэгъуейт ар: сэ хьэ сыхъуащ, си пщэм пщэхъу илъщ, блынми сепхыжащ. Куэдрэ зыкъысхуэмыщIэжу сыщысауэ джэдур къызоупщI: «Сыт уи цIэр?» А макъыр сэ занщIэу къэсцIыхужащ. Ар зи макъыр Муратт, си къуэш кIуэдарт. «Сэ сы-Аланщ. СыкъэпцIыхужрэ?» – соупщI си къуэшым. Сыту Iейуэ къэгуфIат асыхьэтым Мурат, ауэ зэуэ нэщхъей къэхъужащ.

– Сыт? Щхьэ укъэнэщхъея? – жысIэу сыщеупщIым:

– Уэри мы уд фызыжьым укъыIэрыхьащи сынэщхъейщ, – жэуап къитыжащ абы.

– Сыт абы къыдищIэнур?

– Мыращ абы ищIэр: удым бажэ зещIри цIыхухэр и унэ къешэ. Ахэр псэущхьэ ещIри испыхэм* дыщэкIэ ярехъуэж. Абыхэм ахэр цIыкIу ящIри щIы щIагъым щагъэлажьэ. Уд фызыжьым дыщэр егъэткIури ирефэ, щIалэу щытын щхьэкIэ.

– НтIэ, сыт тщIэнур? – сеупщIащ Мурат.

– СщIэркъым, – щэхуу жэуап къызитащ си къуэшым.

– Сэ сощIэ, – жиIащ иджыри къэс щэхуу щыса тхьэкIумэкIыхьым. – А удым и щхьэцым хэлъщ мажьэ къуаншэ. Абы и мажьэ къуаншэм дыщэм щыщ трекIэ. Ар имыIэжмэ, и къарур щIэкIынущ; зэпыщIыкIмэ, удыр бзэхыжынущ. Сэ ар удым испыхэм яжриIэу зэхэсхащ.

– НтIэ, дауэ? Дэ зыри тхуэщIэнукъым, мы кIапсэхэм зыкъыфIэтчу.

Ар щыжысIэ дыдэм ирихьэлIэу щIыунэм и щхьэгъубжэм КIапэху къыIухьащ. Сэ зы гуфIэгъуэ сиIэти! Дамэ стетатэмэ, сылъэтэнт.

– КIапэху, КIапэху, сэ мыбдеж сыщыIэщ, – секIиящ хьэм. Ар къэбанэри жиIэну зыхуейр къызгурыIуащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ тIури дыхьэт. Асыхьэтым абы сэ икъукIэ сыщыгуфIыкIащ. КIапэху ищIэн хуей псори жесIащ. Уд фызыжьыр шхын къихьу щIыунэм къыщыщIыхьэм, КIапэху абы и щхьэм телъэщ, мажьэ къуаншэр щIым къридзыхщ, къипхъуатэри си дежкIэ къихьащ. Мажьэ дыщафэр дзэкIэ зэпэдубыдри зэпытщIыкIащ ...

ЦIыхубзыр асыхьэтым жьы дыдэ хъуащ. Уд фызыжьыр ину кIийри сыкъэушащ. Ауэ удыр артэкъым кIийр – ди адакъэрат.

***УЭЗЫ Алан,***
Налшык, 11-нэ еджапIэ,
2004 гъэ, 8-нэ кл.

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***

---

* Испы – лъэпкъыжь, цIыкIужьейхэу.

*ЕгъэджакIуэхэ! Фэри гъэтIылъыгъэ фиIэмэ, фахэплъэ, къытхуевгъэхь!*

Адресыр: abrokue@mail.ru

# ТЕСТЫМ и жэуапхэр

Нагъыщэ **6-7 зиlэр:**
Уэ егъэлеяуэ уцIыхуфIщ, угуапэщ. Уныбжьэгъуфlщ, хэти и дзыхь къыуигъэз хъуну.
Нагъыщэ **4-5 зиlэр:**
Уэ уцlыху lейкъым, ауэ укъыщыгубжьи укъыщынэпсеи щыlэщ.
Нагъыщэ **0-3 зиlэр:**
Уэ апхуэдизкlэ убзаджэlейщи ныбжьэгъу узэриlэр гъэщlэгъуэнщ езыр.
*Фызыхуэсакъыж!*

## Прогимназие 65-м щеджэ сабийхэм я лэжьыгъэхэр



ГЪАТХЭ.
Ахай Дианэ, 3-нэ кл.



ХЬЭЖЫГЪЭ ПУТ ЗАКЪУЭ.
ЛIэужь Даянэ, 4-нэ кл.



ГУКЪЫДЭЖ.
ДыщэкI Аминэ, 2-нэ кл.



ЛЪАХЭ.
Зэхъуэхъу Тимур, 3-нэ кл.

# КЪЭЩIЭРЕЙ

**1.** Таблицэхэм ярыт хьэрф **ш/щ**-хэр фи тегъэщIапIэу псалъэ 15-15 къехыгъуэхэм ифтхэж.

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | щ | | | | | | | | щ | | | |
| | | щ | | щ | | | | | | щ | | щ | | |
| | щ | | | | щ | | | | щ | | | | щ | |
| щ | | | | | | щ | | щ | | | | | | щ |
| | | | | | | | щ | | | | | | | |

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | ш | | | | | | | |
| ш | | | | | | ш | | ш | | | | | | ш |
| | ш | | | | ш | | | | ш | | | | ш | |
| | | ш | | ш | | | | | | ш | | ш | | |
| | | | ш | | | | | | | | ш | | | |

**2.** Зы псалъэр зэриух хьэрфымкIэ адрейр къыщIедзэ!

**Ш/Щ** хьэрфхэр зи къыщIэдзапIэ, зи кIэух псалъэхэр къафщIэ.

1. Джэшым ещхьу губгъуэхэм къыщыкI удз. 2. Гум щIащIэ шы. 3. Жэмэщкъым, атIэ... 4. Джэду лъэпкъхэм ящыщ мэз псэущхьэ. 5. НэщI исхэр нэху мыщ щIыкIэ зэрышхэм зэреджэр. 6. Хыр зэхуэдитI-зэхуэдитIу гуэшауэ. 7. Щхьэл валыр зытелъ пхъэхэтIэ.

| | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ¹ш | | | | | | | | ²ш | | | ³ш | | | ⁴щ | |
| | | ⁵щ | | | | ⁶щ | | | | ⁷щ | | | | | ш |

**3.** Фигу къэвгъэкIыж **ш/щ** хьэрфхэр зыхэт псэущхьэхэм я цIэхэр. Сатыр къэс лейр хэвгъэкI.






НУР ЦIЫКIУРАШ








Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***





**ХЕКИЛАЕВА Дениза,** илъэс 11 мэхъу, МКОУ «Гимназия № 14-м» 5-нэ «Г» классым щоджэ.

«Бгырыс лъэпкъхэм я щыгъэху» хужытIэфынущ макъ телъыджэ зиIэ мы пщащэм, ТВ-м и япэ каналым и «Голос» сабий нэтынхэм зэрыхэтымкIэ. Зыкъэзыгъэлъэгъуахэм я бжыгъэр цIыху мин пщыкIутI хъурт (12 000); къыхахар щэрэ щэ никъуэрэщ (150); къэнар плIыщIрэ тхурэщ (45). Зэхьэзэхуэр йокIуэкI. Ди пщащэм и текIуэныгъэм Кавказ лъэпкъхэр дыпоплъэ:

Дениза и адэр осетинщ - Хекилаев Аслан, и анэр куржыщ - Магалададзе Диана, и анэшхуэр адыгэ псори дызэрыгушхуэ КъБ.-м и цIыхубэ артисткэ Хьэмыку Жаннэщ. «Бгырыс лъэпкъхэм я щыгъэхум» дрогушхуэ псори!


*Ежемесячный журнал для детей «Нур»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 4 2017 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерный набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати 11.04.2017 г.
Выход в свет 28.04.2017 г.

Формат 60x90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Firenight, Comic Sans MS, beer money, BIP
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3220 экз.
Заказ № 58
Индекс 73912
**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 11,64 руб.; за 6 мес.– 69,84 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР – Медиа». Дом печати.

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.